

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Prosés diajar ngajar basa Sunda di SMA mangrupa salah sahiji sarana pikeun ngaronjatkeun kualitas sumber daya manusia (SDM) dina kaparigelan ngagunakeun basa Sunda. Kamajuan élmu pangaweruh jeung téknologi mangaruhan kana kamékaran prilaku hirup jeung kahirupan masarakat. Kamajuan élmu pangaweruh kudu dibaréngan ku prosés péndidikan. Ku ayana prosés péndidikan anu hadé kamungkinan bakal ngarojong kana hasil péndidikan anu hadé.

Prosés diajar ngajar mangrupa kagiatan pénting sabab dina prosés diajar siswa diperidih robah pangaweruhna, kaparigelan, jeung siképna kana kaayaan anu leuwih hadé. Ieu hal luyu jeung hakékat diajar, saperti anu diténdéskeun ku Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 11) yén diajar nya éta prosés robahna prilaku lantaran pangalaman jeung latihan. Hartina, tujuan kagiatan nya éta robahna tingkah laku, anu pakait jeung pangaweruh, kaparigelan atawa sikép. Lumangsungna prosés diajar ngajar dipangaruhan ku strategi pangajaran.

Ari stratégi pangajaran mangrupa salah sahiji komponén dina prosés diajar ngajar. Numutkeun Syaiful Bahri & Aswan Zain (2002: 48) komponén pangajaran téh ngawengku guru jeung murid minangka subjék diajar, tujuan anu hayang kahontal, bahan ajar, métode, téhnik jeung modél diajar, alat jeung sarana, sumber pelajaran sarta évaluasi.

Tulisan bisa ngébrehkeun rupa-rupa aktivitas laku basa kayaning midangkeun gagasan, kritik, usul, pangalaman, jeung sajabana. Pangajaran nulis bisa ditepikeun maké rupa-rupa modél ngajar.

Dina KTSP, pangajaran basa Sunda di SMA ngawengku opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Ihwal opat kaparigelan téa dina pangajaran basa di sakola kudu diajarkeun kalayan saimbang. Ieu pamadegan téh luyu jeung pamanggih Rivers anu ditulis deui ku Iskandarwassid (2004: 156) yén umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45%, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9 % dina aktivitas komunikasi sapopoéna, tapi dina prak-prakanana pangajaran mah dipiharép opat aspék kaparigelan basa téh porsina saimbang. Pangajaran nulis mangrupa salah sahiji tina opat pangajaran basa di SMA. Nurutkeun Tarigan (1994) nétélakeun:

*“Menulis merupakan satu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk komunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”*

Dina pangajaran nulis, ngarang mangrupa gambaran kamampuh murid dina ngedalkeun basa jeung pikiran.

*“Wujud pengutaraan sesuatu secara tersusun dengan mempergunakan bahasa disebut karangan. Jadi, karangan itu adalah susunan bahasa sebagai pengaturan pikiran, perasaan, pengindraan, khayalan, kehendak, keyakinan, dan pengalaman kita” (Rusyana, 1982: 1).*

Ku lantaran kaparigelan nulis kalintang péntingna dina kahirupan masarakat ilmiah, dina kurikulum diébrehkeun sangkan siswa ngabogaan

kamampuh dina widang kasebut. Éta hal katitén dina rumusan tujuan kurikulum pangajaran basa Sunda nu aya patalina jeung kaparigelan nulis, nya éta sangkan bisa mibanda kamampuh ngagunakeun basa Sunda dina widang tulisan.

Ku sabab kitu, panalungtikan anu judulna "*Kamampuh Ngarang Déskripsi Basa Sunda Kelas X di SMA YAS Bandung Taun Ajaran 2007/2008*" perlu dilaksanakeun, pikeun ngaronjatkeun minat nulis, khususna dina nulis karangan déskripsi.

## **1.2 Watesan Jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Watesan masalah dina panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta leuwih museur kana tujuan. Ku kituna, sangkan pedaran téh teu lega teuing ambahanana. Ieu panalungtikan baris diwatesanan ngeunaan "Kamampuh Nulis Karangan Déskripsi Basa Sunda Siswa Kelas X SMA YAS Bandung Taun Ajaran 2007/2008". Kamampuh ngarang ngeunaan aspék kualitas & lingkup eusi, organisasi & tampilan eusi, gaya basa, wangun gramatikal, éjahan jeung karapihan tulisan.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Masalah ieu panalungtikan dirumuskeun kana kalimah pananya di handap ieu.

1. Kumaha kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar kana aspék kualitas jeung lingkup eusi?

2. Kumaha kamampuh nulis siswa dina organisasi jeung tampilan eusi karangan?
3. Sajauh mana siswa ngagunakeun gaya basa dina karanganana?
4. Kumaha kamampuh nulis siswa dina wangun gramatikalna?
5. Kumaha kamampuh siswa dina nulis éjahan jeung karapihan tulisan?

### **1.3 Tujuan jeung Mangfaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar kana aspék kualitas jeung lingkup eusi;
2. kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar aspék organisasi jeung tampilan eusi;
3. kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar aspék gaya basa;
4. kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar aspék wangun gramatikal; jeung
5. kamampuh nulis karangan déskripsi siswa kelas X di SMA YAS Bandung dumasar aspék éjahan jeung karapihan tulisan.

#### **1.3.2 Mangfaat Panalungtikan**

Panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat.

- a) sacara téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan mangpaat pikeun méré sumbangan dina kamekaran bahan ajar keur bahan ngarang déskripsi dina hal milih pangajaran nulis.

b) sacara praktis

Mangpaat sacara praktis, dina ieu panalungtikan téh pikeun guru jeung siswa nu di antarana:

- pikeun siswa

- 1) bisa nyangking pangalaman jeung ngalatih kamampuh nulis karangan déskripsi;
- 1) bisa ngajémbaran kamampuh siswa dina ngarang déskripsi;
- 2) mangrupa latihan jeung motivasi keur siswa sangkan resép jeung leuwih parigel dina nulis.

- pikeun guru

- 1) sangkan bisa nyaho kana kamampuh siswa dina nulis karangan déskripsi/ bisa dijadikeun bahan panalungtikan satuluyna dina raraga ningkatkeun produktivitas pangajaran basa Sunda;
- 2) guru mikanyaho kamampuh siswa dina ngarang déskripsi;
- 3) guru mikanyaho rupa-rupa kasalahan anu dilakukeun ku siswa dina ngarang déskripsi.

#### **1.4 Wangenan Operasional**

Istilah-istilah nu kudu dipedar dina ieu panalungtikan:

- 1) kamampuh nulis nya éta kabisa atawa kaparigelan dina ngarang déskripsi siswa ngeunaan aspék kualitas jeung lingkup eusi, organisasi jeung tampilan eusi, gaya basa, wangun gramatikal, éjahan jeung karapihan tulisan;
- 2) nulis nya éta ngébrehkeun idé atawa pikiran ngaliwatan média tinulis; kagiatan nulis dina ieu panalungtikan nya éta siswa nulis karangan déskripsi;
- 3) karangan déskripsi nya éta wangun tulisan nu ngajéntrékeun hiji objék nu keur dipedarna; jeung
- 4) ngarang nya éta mangrupa karya tulis anu bisa ngawangun atawa anu bisa ningkatkeun kamampuh imajinasi hiji jalma.

### **1.5 Anggapan Dasar**

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan:

- 1) karangan déskripsi nya éta wangun tulisan anu patalina jeung usaha anu nulis pikeun ngajéntrékeun hiji objék anu keur dipedarna; jeung
- 2) nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa Sunda anu kudu dicangking ku siswa.

